



PWOSÈ VÈBAL REYINYON ÒGANIZASYONÈL ANYÈL VITYÈL KOMITÈ SKOLÈ BOSTON

4 janviye, 2023

Komite Skolè Boston an te fè yon reyinyon òganizasyonèl anyèl vityèl jou 4 janviye, 2023, a 5:00 nan laprèmidi, sou Zoom. Pou w jwenn plis enfòmasyon pou nenpòt nan atik yo ki mansyone anba a, ale sou sit entènèt www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, voye yon imel nan adrès imel feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Skolè Boston an nan nimewo telefòn : (617) 635-9014.

PREZANS

Manm komite skolè a : Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Doktè Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; ak Reprèzantan Elèv Diego Mehta.

Manm komite skolè a ki te absan : Brandon Cardet-Hernandez; ak Quoc Tran.

DOKIMAN KI TE PREZANTE

Pwogram Reyinyon an

Kalandriye Reyinyon yo pou 2023

RAPÈL A LÒD

Prezidan Robinson te raple reyinyon a lòd. Madam Sullivan te fè apèl non yo. Mesye Cardet-Hernandez ak Mesye Tran te absan. Tout lòt manm yo te prezan. Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a t ap retransmèt an dirèk sou Zoom. L ap difize ankò sou chèn Boston City TV. Epitou l ap afiche sou sit entènèt : bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou YouTube. Li te anonse ke sèvis entèpretasyon similtane (entèpretasyon ki fèt an menm tan oratè yo ap pale a) te disponib nan lang espayòl, vyetnamiyen, kreyòl kap vèdyen, kreyòl ayisyen, chinwa kantonè, chinwa mandaren ak Lang Siy Ameriken (ASL) ; epitou li te bay kèk entstriksyon sou kòman moun kapab chanje chanèl sou Zoom pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtane yo. Divès dokiman reyinyon an te tradui nan toule nèf lang ofisyèl Lekòl Piblik Boston yo e yo te afiche sou sit entènèt : www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee.

Sipèntandan Mary Skipper te lanse kèk mo dakèy, e an menm tan l te souliye plizyè nan objektif li yo pou 2023, pami yo : ekspansyon (elajisman) ak ranfòsman alfabetizasyon,

4 janviye, 2023

enklizyon, edikasyon bileng (edikasyon an 2 lang), jistis reparatris, opozisyon kont entimidasyon, angajman fanmi ak kominote, kominikasyon, ak kontrandi ekitab.

Madam Robinson te remèsye Majistra Wu dèske l te relonmen li menm ak Mesye Tran pou yon nouvo tèm (nouvo manda) katran. Li te felisite Mesye Tran, ki te absan akòz li te malad, e li te swete li yon rekiperasyon rapid.

KALANDRIYE REYINYON 2023 YO

Apwouve - Pa mwayen apèl non, tout Komite Skolè a te dakò apwouve kalandriye reyinyon 2023 yo jan l te prezante a.

ELEKSYON FONKSYONÈ YO

Madam Robinson te lanse yon apèl pou nominasyon pou pòs prezidan an pou ane kalandriye 2023 a. Madam Lopera te lonmen Jeri Robinson. Doktè Alkins te kore nominasyon an avèk sipò Madam Polanco Garcia.

Apwouve – Pa mwayen apèl non, tout Komite a te dakò vote pou met yon arè nan nominasyon yo pou pòs prezidan an.

Apwouve – Pa mwayen apèl non, tout Komite Skolè Boston an te vote pou yo eli Madam Robinson kòm prezidan Komite Skolè Boston an pou ane kalandriye 2023 a. Madam Robinson te remèsye Komite a deske yo te konfyè l avèk privilèj sa a pou l dirije Komite a.

Madam Robinson te lanse yon apèl pou nominasyon pou pòs vis prezidan an pou ane kalandriye 2023 a. Madam Polanco Garcia te lonmen Michael O'Neill. Madam Lopera te apiye nominasyon an.

Apwouve – Pa mwayen apèl non, tout Komite a te dakò vote pou met yon arè nan nominasyon yo pou pòs vis prezidan an.

Apwouve – Pa mwayen apèl non, tout Komite Skolè Boston an te vote pou yo eli Mesye O'Neill kòm vis prezidan Komite Skolè Boston an pou ane kalandriye 2023 a. Mesye O'Neill te eksprime sipò li pou Prezidan Robinson epi l te di ke l espere mete men nan travay difisil ki prezante devan yo.

REYINAN AN LAGE

Vè zòn 5:30 diswa, tout Komite a te dakò vote pou lage reyinyon an, selon pwosesis apèl non an.

Ateste :



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitiv